


Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun

Urang Samaria Hade Hate



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
M. Maillot, Lazarus, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)


©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



"Guru! Naon anu kedah abdi lampahkeun supados nampi hirup langgeng?" Anu naroskeun patarosan éta nyaéta ahli hukum, nyobian nipu Yesus.


"Naon ceuk Hukum Allah?" Yesus ngawaler.




"Kanyaah ka Allah jeung ka  
sasama," ceuk eta lalaki.  
"Tapi saha sasama kuring?"  
Manéhna nanya.




Pikeun ngajawab pananya éta, Yésus nyaritakeun carita ngeunaan saurang lalaki nu keur indit ti Yérusalém ka Yériho. Lalaki éta diserang ku begal.



Eta begal teh nyokotan sagala nu kapanggih, malah nyokot baju urang musafir. Manéhna ogé tatusatu, ngantunkeun anjeunna nepi ka arek maot di sisi jalan.




Kabeneran aya hiji imam nu keur  
ngaliwat. Tangtu anjeunna bakal  
nulungan nu tatu. Henteu!  
Ningali lalaki éta



getihan,  
anjeunna  
ngan ukur ngaliwat di sisi jalan.



Geuwat dampal suku teh siga nu ngabéwarakeun  
yen aya nu séjén ngadeukeutan. Anjeunna  
urang Lewi, anu ngabantosan para imam di  
Bait Allah. Manéhna ningali eta  
lalaki nu cilaka,



tuluy indit  
jauh teu mantuan nanaon.





Tungtuna aya hiji urang Samaria dongkap.  
Urang Yahudi teh ijid pisan ka urang  
Samaria. Jalma-jalma anu ngadengekeun  
carita Yesus moal nyangka urang Samaria  
bakal jadi pahlawan. Tapi  
enya kitu anjeunna.





Urang  
Samaria  
teh paduli, sarta eureun pikeun mantuan.



Eta urang Samaria teh  
tuluy sideku, nahan ubar  
jeung perban kana tatu-  
tatuna. Lajeng anjeunna  
sorangan mantuan lalaki  
cilaka eta ditaekkeun  
kana kaldena.





Dina hiji panginepan sisi jalan,  
urang Samaria ngurus eta jalma  
sapeupeuting.



Isuk-isuk anjeunna mayar ka nu boga  
panginepan pikeun ngurus musafir  
nepi ka cageur deui.



Carita eta teh réngsé. Tuluy Yesus naros, "Cing saha anu jadi sasama ka nu cilaka?"






Ceuk ahli hukum,  
"Taga-tatana teh  
urang Samaria  
anu welas asih."



"Geura, lampahkeun kitu," saur Yesus. Sasama téh saha waé nu butuh pitulungeun.

Urang teh bisa némbongkeun kanyaah ku cara nulungan jalma nu butuh. Nu kitu matak nyenangkeun Gusti.



Urang Samaria Hade Hate

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab


Kenging ti

Lukas 10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130







46



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

